

???? ?????? ?? ???? ?? ?? ??

---

**Release Date: Novanm 1, 2022**

**BRANDON, Fla.** Eta Florida ak FEMA ap bay plizyè kalite asistans pou moun Florida yo nan 26 konte kote siklòn Ian te domaje oubyen detwi kay yo.

Sibvansyon FEMA yo ka ede yo repara oubyen ranplase kay prensipal siklòn lan domaje ak asistans pou lwaye pandan tan reparayon yo. Konte ki kalifye yo se Brevard, Charlotte, Collier, DeSoto, Flagler, Glades, Hardee, Hendry, Highlands, Hillsborough, Lake, Lee, Manatee, Monroe, Okeechobee, Orange, Osceola, Palm Beach, Pasco, Pinellas, Polk, Putnam, Sarasota, Seminole, St Johns ak Volusia.

Y ap konsidere rezidan ki kalifye yo nan 26 menm konte ki nan lis sa a pou Asistans pou Abri Tanporè (Transitional Sheltering Assistance, TSA) FEMA, ki bay lojman tanporè nan otèl pou aplikan ki kalifye yo.

FEMA otorize tou lojman tanporè dirèk pou konte Charlotte, Collier, DeSoto, Hardee, Lee ak Sarasota epi li pral bay inite lojman tanporè yo ka transpòte ak trelè vwayaj, ansanm ak lwe kay dirèk pou aplikan ki kalifye yo.

Men kèk kalite asistans li bay:

### **Asistans pou lwaye**

FEMA ka petèt bay asistans finansye pou pwopriyetè kay oubyen lokatè yo lwe lojman ranplasman tanporè si yo retire yo nan rezidans prensipal yo akòz domaj siklòn lan. Kay ki domaje yo pa dwe gen moun ki rete nan yo paske asirans pa kouvri pwoblèm ki gen rapò ak siklòn ansanm ak lojman.

### **Asistans pou Abri Tanporè**

FEMA ka petèt bay Abri tanporè nan yon otèl. Moun ki nan abri oubyen yo deplase paske kay yo pa aksesib oubyen moun pa ka rete ladan yo ka kalifye.



**FEMA**

Page 1 of 3

## Ranplasman/Reparasyon kay

Asistans finansye yo ka petèt disponib pou mèt kay yo rebati oubyen fè reparasyon debaz yo pou mete kay yo an sekirite, pwòp epi an fonksyon ankò.

Pou sivivan yo kalifye pou yo jwenn asistans, yo dwe aplike nan FEMA. Gen plizyè fason pou aplike: 1) [DisasterAssistance.gov](https://DisasterAssistance.gov), 2) telechaje [Aplikasyon FEMA](#) pou aparèy mobil yo, 3) rele gratis nan 800-621-3362. Liy telefòn lan disponib chak jou sòti 7 a.m. rive 11 p.m. Lè nan Lès. Èd la disponib nan pifò lang. Pou gade yon videyo ki aksesib sou fason pou aplike, ale sou: [Three Ways to Register for FEMA Disaster Assistance - YouTube](#).

## Operation Blue Roof

Anplis pwogram FEMA yo, US Army Corps of Engineers petèt kapab ede mèt kay ki kalifye ak reparasyon tanporè do kay yo. Operation Blue Roof se yon sèvis gratis pou mèt kay yo ki viktim anba siklòn lan yo nan konte Charlotte, Collier, DeSoto, Lee and Sarasota. Mèt kay yo ka enskri sou entènèt nan [bluroof.us](https://bluroof.us) oubyen rele nan 1-888-ROOF-BLU (1-888-766-3258) pou plis enfòmasyon. Dat limit pou enskri nan pwogram Blue Roof la se madi 1 novanm 2022.

## Asistans Dirèk pou Lojman Tanporè

Opsyon ka gen ladan yo:

- Inite Lojman Tanporè Transpòtab yo – FEMA ka mete yon trelè oswa Inite Lojman Prefabrike (Manufactured Housing Unit, MHU) sou yon sit prive oswa nan yon pak komèsyal. FEMA petèt ka kowòdone tou ak Eta a ak ofisyèl lokal yo pou konstwi sit gwoup pou plizyè inite lojman transpòtab.
- Lwaye Dirèk – FEMA ka lwe pwopriyete rezidansyèl ki egziste deja, ki pare pou yo okipe yo pou itilize kòm lojman tanporè. Kalite pwopriyete ki kalifye yo ka gen ladann lokasyon pou vakans, apatman antrepriz, dezyèm kay, kay yon sèl fanmi, koperativ, kondominyòm, townhouses, ak lòt kay moun rete ladan. Kontra lwaye dirèk yo se pou aplikan ki kalifye yo ki pa ka satisfè bezwen lojman yo ak lòt opsyon Asistans Dirèk pou Lojman Tanporè.



**FEMA**

Page 2 of 3

- Lwaye ak Reparasyon pou plizyè fanmi – FEMA finanse reparasyon oubyen amelyorasyon pwopriyete lokasyon ki vid pou plizyè fanmi aplikan ki kalifye yo ka itilize kòm lojman tanporè.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Florida apre siklòn Ian, ale sou [floridadisaster.org/info](http://floridadisaster.org/info) ak [fema.gov/disaster/4673](http://fema.gov/disaster/4673). Suiv FEMA sou Twitter sou [@FEMA Region 4 \(@femaregion4\) / Twitter](https://twitter.com/FEMARegion4) epi sou [facebook.com/fema](https://facebook.com/fema).

###

*Misyon FEMA se ede moun anvan, pandan, ak apre yon katastwòf.*

Tout asistans FEMA ap bay nan moman katastwòf yo ap fèt san diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, sèks (tankou asèlman seksyèl), oryantasyon seksyèl, relijyon, orijin nasyonal, laj, andikap, kapasite pou pale Anglè ki limite, sitiasyon ekonomik. Si w kwè yo vyole dwa sivil ou yo, ou ka rele liy Resous Dwa Sivil la nan 833-285-7448.



**FEMA**

Page 3 of 3